

Defann Dwa ou nan Travay

Pou pwoteje dwa ou nan travay, pratike rezoud konfli ak ladrès nan travay la.

Fason pou Jere Konfli

Konfli se yon pati natirèl nan nenpòt ki relasyon, ekip, oswa travay. Lè yo jere li byen, li ka ankouraje moun grandi ak rezoud pwoblèm. Si vin gen yon pwoblèm nan travay la, chèche yon bon kote pou jere konfli a. Revandike bezwen ou yo yon fason klè epi ak presizyon. Bati yon akò ki bon pou tout moun ki enplike.

Dokimante Eksperyans ou yo

Ekri tout detay sou travay ou pou w ka pare si ta gen yon konfli. Anrejistre dat ak lè ou te travay ak konbyen ou te touche (sitou si ou touche ak lajan kach). Kenbe yon kopi nenpòt korespondans alekri ou te gen ak patwon ou. Si sa nesèsè, ou ka itilize nòt ou yo kòm prèv.

Kontra ak Sendika

Si ou fè pati yon sendika, se yon kontra ant travayè yo avèk patwon an ki dirije règ travay la. Apeprè 1 travayè sou 10 Ozetazini fè pati yon sendika. Si ou pa fè pati yon sendika, se patwon ou ki decide règ travay la. Sa vle di, nan Pennsylvania, si ou pa gen yon kontra sendikal, yo kapab revoke ou, desann grad ou, bese nan kantite èdtan ou travay, oswa disipline ou nan travay la pou nenpòt ki rezon, amwenske yo vyole yon lwa espesifik.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Philadelphia Area Cooperative Alliance (PACA)
(215-971-3803)

info@philadelphia.coop
www.philadelphia.coop

Community Legal Services of Philadelphia
215-981-3700

www.clsphila.org

UNITE HERE! Philadelphia
215-232-3145

info@uniteherephilly.org
www.uniteherephilly.org